

# Sant Redrèzman Apre Katastwòf Louvri nan Konte Lee

---

Release Date: Desanm 18, 2024

**TALLAHASSEE, Fla.** – FEMA te ouvri yon Sant Mobil Redrèzman apre Katastwòf nan Konte Lee pou bay Rezidan Florida ki afekte pa siklòn Milton ak Helene yo èd youn apre lòt. Sant lan kapab sèvi tou pou sivivan Siklòn Debby yo.

Sivivan yo **pa** bezwen vizite yon sant pou yo aplike pou èd. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](#) oswa telechaje [FEMA App](#) la. FEMA pa distribiye lajan kach nan Sant Redrèzman Apre Katastwòf yo.

## Adrès sant lan:

### Konte Lee

Museum of Medical History-Building AA  
8099 Volunteer Parkway  
Fort Myers, FL 33919

Lè Fonksyonman: Soti 7 è am pou rive 7 è pm depi Lendi pou rive Samdi.

Pou jwenn adrès lòt sant yo, ale sou [fema.gov/drc](#) oswa ekri “DRC” ak yon Kòd Postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa ki bezwen aksè fonksyonèl epi ki ekipli ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](#) oswa itilize [FEMA App](#). Ou ka aplike tou pa telefòn nan **800-621-3362**. Liy telefòn yo ouvri chak jou epi gen èd ki disponib nan majorite lang yo. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w gen aksè ak yon vidyeo sou fason pou w aplike pou w jwenn èd, ale sou [FEMA Accessible: Alike pou Asistans Endividiyèl - YouTube](#).

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou redrèzman apre Siklòn Milton, vizite [fema.gov/disaster/4834](#). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou redrèzman apre siklòn



**FEMA**

Page 1 of 2

Helene, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://fema.gov/disaster/4828). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou redrèsman apre siklòn Debby, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://fema.gov/disaster/4828). Swiv FEMA sou X sou [x.com/femaregion4](https://x.com/femaregion4) oswa sou Facebook sou [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).

###

*Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan epi apre katastwòf yo.*

*FEMA pran angajman pou l'asire l'asistans pou katastwòf yo fèt san fòs kote, san diskriminasyon*

*sou baz ras, koulè po, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, reliyon, laj, andikap, konpetans nan lang anglè*

*oswa estati ekonomik. Nenpòt sivivan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte FEMA*

*Biwo Dwa Sivil (Office of Civil Rights) si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon. Biwo Sivil FEMA a*

*Ou ka kontakte dwa yo nan [FEMA-OCR@fema.dhs.gov](mailto:FEMA-OCR@fema.dhs.gov) oswa gratis nan 833-285-7448.*



**FEMA**

Page 2 of 2